

Istwa Nou

Misyon Katolik Ayisyèn nan ap sèvi kominote ayisyèn nan Chicago depi plis pase 50 lane.



Istwa nou kòmanse an 1970, lè yon gwoup Ayisyen te envite Pè Poux ki soti New York pou selebre yon Lamès chak mwa an fransè nan Legliz St. Ailbe. An 1973, Pè Souffrant rive Chicago epi li kontinye ministè a, dabò nan St. Ailbe epi pita nan Legliz St. Clotilde. Pandan peryòd sa a, Kadinal John Cody te vizite kominote a pou montre sipò li nan devlopman li.

Nan kòmansman ane 1980 yo, Kadinal Cody te kreye Sant Refijye Ayisyen an sou

South Paulina epi li te nonmen Pè Souffrant kòm Direktè. Depi lè sa a, Lamès an fransè ak an kreyòl te kòmanse selebre chak semèn. An 1986, Kadinal Joseph Bernardin ak Evèk Wilton Gregory te transfòme Sant Refijye a pou li vin Sant Katolik Ayisyen an, ki pita te deplase nan pawas Our Lady of Hungary. Apre Pè Souffrant te retounen Ayiti, Pè Jean-Robert Royal te vin Direktè sant la.

Pandan ane yo, Sant la te deplase plizyè fwa, tankou nan Legliz St. Bride, Our Lady of Peace, ak lòt pawas, men li toujou rete yon kay esprityèl pou fidèl ayisyen yo. Anpil evèk ak prèt, ni soti Chicago ni soti Ayiti, te vin vizite epi soutni kominote a, pami yo Kadinal Bernardin ak Francis George; ansanm ak Evèk Wilton Gregory, Joseph Perry, George Murry, Joseph Lafontant, Willy Romulus, ak Serge Miot.

An 1998, Kadinal Francis George te rekonèt kominote a ofisyèlman kòm Misyon Katolik Ayisyèn nan. Apre sa, direksyon an te pase soti nan Pè Ernst Joseph (2000–2004), bay Pè Joseph Duronce Laroque (2004–2006), epi apre sa bay Pè Churchill Penn (2006–2008). An 2001, Dyak Rameau Buissereth te òdone epi li kontinye sèvi kominote a fidèlman jiska jounen jodi a.

Nan mwa Desanm 2011, Misyon an te gen gwo onè pou Kadinal Francis George te selebre Lamès ansanm ak kominote a.

Jodi a

Misyon Katolik Ayisyèn nan kontinye misyon li nan lafwa, kilti, ak sèvis. Nou selebre Lamès chak dimanch a 4:00 PM ansanm ak lòt fèt legliz yo an fransè ak an kreyòl.

Ministè a kounye a soutni pa prèt ki pa rezidan, Pè Rodolph Arty, Edmond Aristil, ak Arlin Jean Louis, ki sèvi kominote a avèk anpil devouman ak lanmou.

Nou rete rekonesan anvè Bondye ak tout moun ki soutni Misyon an pandan tout ane sa yo. Ansanm, nou kontinye adore Bondye, grandi nan lafwa, epi pataje eritaj katolik ayisyen nou nan kè vil Chicago.